




MASK



Mask

Avèk kantite ka COVID yo ki ogmante dènyèman nan Massachusetts ak nan tout peyi an, **CHA yon fwa ankò ap egzije pou tout moun mete mask nan zòn swen pasyan yo.** Chanjman sa a te vin an vigè nan lendi, 18 septanm. Si ou pa gen mask, w ap ka jwenn youn lè ou antre nan bilding nou yo. Mèsi dèske w ap pwoteje pèsònèl nou an ak lòt pasyan yo kont posiblite enfeksyon.



Chanjman nan Telesante nan CHA: N espere wè ou byento

Ou di nou jan vizit telesante yo te mache byen pou ou e nou apresye opinyon ou! Avèk finisman ljan Sante Piblik federal la, kèk nan règleman sou telesante yo chanje. Pou respektè nouvo nòm yo, CHA gen lentansyon ofri tout vizit telesante yo pa videyo apati de kounye a. Nou pa bay randevou pou odyo sèlman ankò.

Sa toujou ba ou de (2) bèl opsyon - yon vizit videyo oswa vini an pèsonn pou ou ka wè ekip swen ou. Toude opsyon yo ap kite pwofesyonèl medikal ou a wè ou, sa ki pèmèt nou ba ou pi bon swen.

Si ou pa janm fè vizit videyo, oswa si ou gen pwoblèm ak videyo, tanpri ale sou [paj telesante](#) nou an. Nou gen anons ak videyo nan anpil lang k ap eksplike kijan pou fè vizit videyo.

Si ou pa gen entènèt rapid, ale sou [CHA-Connect](#) epi chèche "internet" (entènèt) pou wè si ou kalifye pou entènèt bon mache. Ou ka ale sou sit [Koneksyon Bon Mache FCC](#) a tou.

[Li plis isit la](#)



The CHA Pharmacy is Getting a New App!

Nouvo Aplikasyon Famasi CHA a

Famasi CHA a gen yon nouvo aplikasyon mobil (RxLocal) ki pral disponib pou tout pasyan yo nan dat 26 septanm. Sèl sa ou bezwen fè se efase anyen aplikasyon an (Rx2Go) epi apre sa telechaje RxLocal w ap jwenn lè ou [klike isit la](#).

Men kèk ti konsèy sou kijan pou sèvi ak nouvo aplikasyon RxLocal la:

- [Enskri yon nouvo pwofil sou RxLocal](#)
- [Renouvle medikaman w yo sou RxLocal](#)
- [Mete rapèl sou RxLocal](#)

Tanpri rele famasi CHA w lan si ou gen kesyon. Tanpri remake, aktyèlman, aplikasyon sa a disponib an anglè sèlman. Nou eskize n pou tout deranjman.

[Paj Famasi CHA](#)



Abitid ki Sen pou Fanmi Ou

W ap chèche yon nouvo fason pou rete an sante? Antre nan gwoup Healthy Homes Healthy Families la. Pwogram sa a ofri fason enteresan pou pran abitud manje ak bouje ki bon pou lasante nan kad yon gwoup. Se yon bon mwayen pou rankontre lòt moun epi aprann sou sante ansanm!

Gwoup la reyini nan Sant Swen CHA Malden la chak jedi, soti 4:00 pou rive 5:00 PM. Mande pwofesyonèl medikal ou a pou li ba ou referans pou sa oswa pou nenpòt pwogram an gwoup nan CHA.

[Jwenn Plis Enfòmasyon](#)



Vwa Ou ka amelyore Lasante nan Kominote a

Di Depatman Sante Piblik Mass. la sa kominote w lan bezwen pou ou, fanmi ou ak zanmi ou ka rete an sante. Pale li de resous ou yo pou lojman, manje, sante mantal ak lòt bagay. Repons ou yo ap ede jwenn resous pou kote ki bezwen yo plis yo.

[Reponn kesyonè a isit la](#)

BELIEVE IN WHERE YOU WORK



Kwè nan Kote W ap Travay la

Kounye a ou ka travay pou sa ki pi bon nan CHA. CHA, ki fèk resevwa pri kòm youn nan Pi Bon Anplwayè nan Eta Etazini pou Ane 2023 a (America's Best-in-State Employers 2023) nan men Forbes, te resevwa rekonesans nasyonal dèske li bay rezilta ki bon nèt. Kesewas nan fòmasyon, nan edikasyon oswa nan chans avansman, CHA ofri ou yon kote pou travay ki nan nivo siperyè.

[Haga clic aquí para su próximo trabajo](#)

